**Pou Piblikasyon Imedya:** 18/11/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MIZAJOU NAN ZÒN ENTÈVANSYON MIKWO-GWOUPMAN COVID-19 YO**

***Zòn Brooklyn, Orange ak Broome yo amelyore***

***Yon pati nan zòn jòn Konte Erie a chanje vin yon zòn jòn abriko, zòn jòn lan pwolonje nan Erie; nouvo zòn jòn nan Konte Niagara***

***Nouvo zòn jòn nan Bronx; zòn jòn pwolonje nan Queens***

***Chanjman nan zòn yo ap antre an vigè vandredi pou biznis yo, lendi pou lekòl yo***

***To tès pozitif nan tout zòn entèvansyon yo se 4.73 pousan; Pozitivite Eta New York andeyò tout espas entèvansyon yo se 3.10 pousan***

***Pousantaj pozitivite nan tout Eta a se 3.43 pousan***

***35 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse mizajou sou zòn entèvansyon mikwo-gwoupman COVID-19 nan Eta New York. Baze sou kritè done yo, nou pral retire zòn jòn aktyèl yo nan Konte Broome ak Orange, epi zòn jòn abriko Brooklyn lan pral vin yon zòn jòn. Yon pati nan zòn jòn Konte Erie a pral vin tounen yon zòn avètisman jòn abriko, epi yon pati nan konte Niagara ki akote Erie a pral vin yon zòn jòn. Chanjman nan zòn yo ap antre an vigè vandredi pou restriksyon biznis yo epi lendi pou fèmti lekòl yo.

"Deseri kote nan Bronx pral vin yon Zòn Jòn epi Zòn Jòn Queens lan ap pwolonje nan nòdès pou kouvri espas Astoria a. Rejyon Lwès New York se kote sitiyasyon an pi mal nan Eta New York. Deseri kote nan Rejyon Lwès New York ap pase soti nan yon zòn jòn pou vin yon zòn jòn abriko, epi yon pati nan Konte Niagara pral vin yon zòn jòn. Espas sa yo trè gran anpil an konparezon ak rès Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kisa ki bòn nouvèl la? Bòn nouvèl la sèke mikwo-gwoupman yo fonksyone. Lè nou swiv règ yo, sa fonksyone. Konte Broome ak Orange te zòn jòn epi kounye a yo retounen nan nòmal. Brooklyn te yon zòn jòn abriko epi li ap desann vin yon zòn jòn. Kidonk restriksyon yo fonksyone. Epi jis pou nou rann sa pi fasil, si ou te kenbe distans sosyal, epi ou te pote yon mask, epi ou te entèlijan, okenn nan sa pa t ap yon pwoblèm. Tout sa se bagay nou kapab enpoze pou tèt nou".

**<u>Modifikasyon nan Zòn Entèvansyon Aktyèl yo</u>**

**Konte Broome - Yo Retire Zòn Jòn lan**

Baze sou kritè yo ki gen ladan to pozitif yo ak kantite moun ki entène lopital yo ki ap bese epi ki ba, Konte Broome elijib kounye a pou yo retire zòn prekosyon jòn li an.

**Brooklyn - Zòn Jòn Abriko a chanje nan yon zòn prekosyon jòn**

Semèn pase a, zòn wouj Brooklyn lan te vin tounen jòn abriko baze sou pwogrè li te fè. Zòn lan te kontinye demontre pwogrè, kidonk zòn jòn abriko aktyèl la pral chanje vin tounen yon zòn prekosyon jòn, epi yo pral retire zòn tanpon jòn aktyèl la.

**Konte Orange - Yo Retire Zòn Jòn lan**

Zòn jòn aktyèl la te demontre pwogrè ak to pozitivite ak kantite nouvo ka chak jou yo deplizanpli pi ba. Yo pral retire zòn prekosyon jòn lan.

**<u>Nouvo Zòn Entèvansyon yo</u>**

**Bronx - Nouvo Zòn Jòn Prekosyon - Klike <u>La</u> ak <u>La</u> pou Kat Jewografik yo**

Plizyè kominote nan Bronx te wè yon ogmantasyon nan ka pozitif yo, epi yo satisfè kritè pou vin yon zòn prekosyon jòn.

**Konte Erie - Nouvo Zòn Avètisman Jòn Abriko - Klike <u>La</u> pou Kat Jewografik yo**

Deseri kote nan Zòn Prekosyon Jòn Erie a satisfè kritè yo pou vin tounen yon Zòn Avètisman Jòn Abriko. Zòn Jòn avan an pwolonje pou ajoute deseri nouvo kote nan Konte Erie ki genyen plis nouvo ka, pozitivite, ak plis moun ki entène nan lopital yo.

**Queens - Zòn Prekosyon Jòn lan Pwolonje - Klike <u>La</u> pou Kat Jewografik yo**

Zòn aktyèl la nan Queens pral pwolonje pou ajoute kominote anplis yo kote alafwa to pozitivite ak ka yo te ogmante pandan dis jou ki sot pase yo, epi ki gen yon to pozitivite aktyèlman ki plis pase 2.5% sou yon wotasyon mwayèn 7 jou.

**Konte Niagara - Nouvo Zòn Prekosyon Jòn - Klike <u>La</u> pou Kat Jewografik yo**

North Tonawanda te genyen yon ogmantasyon ka yo ak to pozitivite epi li satisfè kritè yo pou vin yon zòn prekosyon jòn.

Gouvènè a te remake pousantaj tès pozitif nan tout espas entèvansyon yo nan kad estrateji Mikwo-Gwoupman Eta a se 4.73 pousan, epi andeyò espas entèvansyon an

se 3.10 pousan. Nan espas entèvansyon yo, yo te rapòte 30,762 rezilta tès yè, ki te bay 1,455 ka pozitif. Nan rès Eta a, san konte espas entèvansyon sa yo, yo te rapòte 123,672 rezilta tès, ki te bay 3,839 ka pozitif. Tout rezilta tès yo te rapòte yè yo, avan yè, wotasyon mwayèn 7 jou aktyèl la, ak de semèn ki sot pase yo anba la:

| **ZÒN ENTÈVANSYON** | **01/11-07/11 % Pozitif** | **08/11-14/11 % Pozitif** | **Wotasyon mwayè 7 jou** | **Avan yè (16/11) % Pozitif** | **% Pozitif yè (17/11)** |
|---|---|---|---|---|---|
| % pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Queens Kew Garden Hills / Forest Hills | 2.96% | 3.48% | 3.48% | 4.17% | 3.85% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Rockland | 2.96% | 2.23% | 2.50% | 5.28% | 3.52% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn oranj Chemung | 6.45% | 4.59% | 4.33% | 5.74% | 5.71% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn oranj Westchester | 7.46% | 9.34% | 8.34% | 7.42% | 5.41% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Erie | 5.35% | 7.30% | 7.39% | 8.05% | 8.26% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Monroe | 4.06% | 5.54% | 4.74% | 3.68% | 3.87% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Onondaga | 4.68% | 6.58% | 6.02% | 8.42% | 4.74% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Staten Island | 3.00% | 4.33% | 4.24% | 4.81% | 4.24% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn jòn Tioga | 10.03% | 10.81% | 8.39% | 7.14% | 6.90% |
| % Pozitif tout espas entèvansyon nan tout Eta a | 3.83% | 4.84% | 4.62% | 4.89% | 4.73% |
| % Pozitif ki gen tout espas entèvansyon | 1.95% | 2.86% | 2.95% | 3.18% | 3.43% |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| yo ladan l nan tout Eta a | | | | | |
| % Pozitif san tout espas entèvansyon yo pa ladan l nan tout eta a | 1.81% | 2.47% | 2.60% | 2.82% | 3.10% |

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Entène** - 2,202 (+78)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 352
- **Lopital Konte yo** - 50
- **Kantite ICU** - 423 (+15)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 192 (+16)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 82,261 (+239)
- **Kantite Lanmò** - 35
- **Kantite Lanmò Total** - 26,225

Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| REJYON | DIMANCH | LENDI | MADI |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 2.3% | 2.8% | 3.3% |
| Central New York | 3.9% | 4.5% | 3.7% |
| Finger Lakes | 4.3% | 3.7% | 3.9% |
| Long Island | 3.5% | 3.5% | 3.6% |
| Mid-Hudson | 3.0% | 4.3% | 4.6% |
| Mohawk Valley | 1.7% | 3.1% | 2.6% |
| New York City | 2.3% | 2.9% | 2.9% |
| North Country | 1.8% | 2.2% | 1.9% |
| Southern Tier | 1.4% | 0.7% | 1.4% |
| Western New York | 5.2% | 6.5% | 5.6% |

Pousantaj rezilta tès pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| MINISIPALITE | DIMANCH | LENDI | MADI |
|---|---|---|---|
| Bronx | 2.5% | 3.7% | 3.9% |
| Brooklyn | 1.9% | 2.3% | 2.6% |
| Manhattan | 1.6% | 2.3% | 2.2% |
| Queens | 3.3% | 3.1% | 3.3% |
| Staten Island | 3.1% | 4.8% | 4.3% |

Nan total 574,072 moun ki te teste pozitif pou viris la, zòn jewografik yo repati konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 4,730 | 77 |
| Allegany | 692 | 25 |
| Broome | 4,545 | 76 |
| Cattaraugus | 739 | 44 |
| Cayuga | 664 | 10 |
| Chautauqua | 1,304 | 39 |
| Chemung | 2,438 | 34 |
| Chenango | 518 | 6 |
| Clinton | 389 | 5 |
| Columbia | 906 | 11 |
| Cortland | 801 | 22 |
| Delaware | 289 | 8 |
| Dutchess | 6,386 | 78 |
| Erie | 18,983 | 573 |
| Essex | 236 | 2 |
| Franklin | 207 | 12 |
| Fulton | 408 | 5 |
| Genesee | 655 | 20 |
| Greene | 596 | 3 |
| Hamilton | 31 | 5 |
| Herkimer | 524 | 16 |
| Jefferson | 345 | 6 |
| Lewis | 265 | 12 |
| Livingston | 527 | 18 |
| Madison | 753 | 14 |
| Monroe | 11,148 | 257 |
| Montgomery | 349 | 18 |
| Nassau | 55,112 | 397 |
| Niagara | 2,869 | 71 |
| NYC | 287,022 | 1,747 |
| Oneida | 3,752 | 85 |
| Onondaga | 8,301 | 217 |
| Ontario | 1,008 | 22 |
| Orange | 15,412 | 129 |
| Orleans | 538 | 12 |
| Oswego | 1,053 | 47 |
| Otsego | 480 | 10 |
| Putnam | 2,269 | 26 |
| Rensselaer | 1,389 | 25 |
| Rockland | 20,176 | 132 |

| | | |
|---|---|---|
| Saratoga | 1,769 | 28 |
| Schenectady | 1,950 | 30 |
| Schoharie | 160 | 5 |
| Schuyler | 238 | 1 |
| Seneca | 222 | 2 |
| St. Lawrence | 610 | 7 |
| Steuben | 1,467 | 19 |
| Suffolk | 54,485 | 430 |
| Sullivan | 2,008 | 15 |
| Tioga | 984 | 11 |
| Tompkins | 828 | 8 |
| Ulster | 2,865 | 30 |
| Warren | 518 | 3 |
| Washington | 407 | 0 |
| Wayne | 824 | 16 |
| Westchester | 45,335 | 360 |
| Wyoming | 375 | 12 |
| Yates | 218 | 1 |

Yè, te gen 35 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 26,225. Zón jewografik yo repati konsa, dapre konte rezidans:

| **Ka lanmò yo dapre konte rezidans** | |
|---|---|
| **Konte** | **Nouvo ka lanmò yo** |
| Allegany | 3 |
| Broome | 1 |
| Chautauqua | 1 |
| Chemung | 1 |
| Erie | 4 |
| Herkimer | 1 |
| Kings | 2 |
| Lewis | 1 |
| Manhattan | 4 |
| Monroe | 1 |
| Nassau | 2 |
| Oneida | 1 |
| Orange | 1 |
| Oswego | 1 |
| Rensselaer | 1 |
| Richmond | 1 |
| Schenectady | 2 |

| | |
|---|---|
| Steuben | 2 |
| Suffolk | 1 |
| Ulster | 1 |
| Westchester | 3 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU